



## **DIVIZYON DWA SIVIL**

### **ARANJMAN REZONAB POU KONTRIBYAB KI GEN ANDIKAP**

#### **KESYON YO POZE SOUVAN**

Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon 1973 la (Seksyon 504) egzije ajans federal yo pou yo bay moun ki andikap yo menm opòtinite pou patisipe, ak jwenn aksè nan avantaj pwogram ak sèvis gouvènman federal la ap dirije oswa finanse. Sèvis Revni Entèn nan ap garanti respè Seksyon 504 la nan enstalasyon IRS yo ansanm ak pwogram IRS la asiste yo, tankou:

- Sit Asistans Fiskal Volontè
- Klinik Konsèy sou Enpo pou Pèsonaj
- Sit Klinik Enpo pou Ti Revni

Repons annapre yo pou kesyon yo poze souvan sou Seksyon 504 la ap ede kontribyab konprann egzijans pou bay moun ki gen andikap yo aranjman rezonab nan pwogram IRS la ap dirije ak asiste yo.

#### **1. Ki Politik Aranjman Rezonab IRS la pou kontribyab yo?**

Politik Bon Lojman P-1-47 IRS la deklare IRS la dwe antreprann aksyon ki nesèsè pou li rasire li manm piblik ki andikape yo genyen menm opòtinite pou yo byen patisipe nan pwogram li yo, aktivite yo ak sèvis yo.

#### **2. Kisa yon aranjman rezonab ye?**

Yon aranjman rezonab se tout chanjman ki fèt nan yon politik, pratik, pwosedi, oswa sèvis pou pèmèt yon moun ki gen andikap jwenn aksè nan pwogram ak aktivite federal la ap dirije ak asiste.

#### **3. Kiyès ki kalifye pou yon aranjman rezonab?**

Yon moun ki gen yon andikap fizik oswa mantal ki limite anpil yonn oswa plizyè aktivite enpòtan nan vi a se andikape dapre Seksyon 504 epi li ka fè demann yon aranjman rezonab.

#### **4. Kòman mwen ka fè demann yon aranjman rezonab?**

Si ou bezwen yon aranjman rezonab, enfòmè yon anplwaye IRS oswa yon volontè nan pwogram IRS asiste, ou bezwen yon chanjman, modifikasyon, eksepsyon, oswa ajisteman nan yon règleman, politik, pratik, oswa sèvis akòz yon andikap. Ou pa bezwen mansyone Seksyon 504 oswa itilize fraz “aranjman rezonab” pou ou ka kòmanse yon demann aranjman.



**5. Kilè mwen ta dwe fè demann yon aranjman rezonab?**

Ou ka fè demann yon aranjman rezonab nenpòt moman pandan vizit ou nan yon enstalasyon IRS oswa yon pwogram oswa enstalasyon IRS asiste. Ou ka fè yon demann an avans pou aranjman rezonab la nan telefòn oswa pa nenpòt lòt mwayen kominikasyon IRS la oswa pwogram IRS asiste a itilize.

**6. Èske yon moun ka fè demann yon aranjman rezonab sou non mwen?**

Wi, nenpòt moun kapab fè demann yon aranjman rezonab sou non yon moun ki gen yon andikap ki bezwen patisipe nan yon pwogram IRS la ap dirije oswa asiste.

**7. Kisa yon pwogram IRS la ap dirije oswa asiste dwe fè lè li resevwa demann yon aranjman rezonab mwen an?**

Pwogram nan dwe ekzaminen demann nan pou li detèminen:

- ki kalite aranjman ou bezwen
- si aranjman ou mande a ap pèmèt ou patisipe nan aktivite a oswa pwogram nan
- si lè li ba ou aranjman ou mande a sa p ap modifye nati pwogram nan oswa enpoze yon fado finansye ak administratif pou pwogram nan

Si pwogram nan detèminen lè li ba ou aranjman ou mande a, sa ap modifye nati pwogram nan oswa enpoze yon fado finansye ak administratif pou li, li ka refize demann ou an. Sepandan, si pwogram nan refize demann ou an, li dwe akonpaye ou pou jwenn yon lòt aranjman k ap pèmèt ou patisipe nan pwogram nan, aktivite a, oswa sèvis la, san pwoblèm.

**8. Èske pwogram IRS la ap dirije yo ak asiste yo gen egzijans pou yo ban mwen aranjman mwen mande a?**

Wi, depi aranjman ou mande a p ap lakoz yon modifikasyon nan nati pwogram nan oswa kreye yon fado finansye ak administratif pou pwogram nan. Sa y ap detèminen an ap depannde nesesite ou yo ak resous ki disponib pou pwogram IRS la ap dirije oswa asiste ki enplike a. Si yo refize demann pou aranjman w lan paske si yo ba ou li sa ka modifye nati pwogram nan oswa lakoz yon fado, pwogram nan ta dwe akonpaye ou pou jwenn yon lòt aranjman ki p ap bay pwoblèm.

**9. Èske demann aranjman rezonab yo bezwen alekri?**

Non, ou pa bezwen fè demann aranjman rezonab ou a alekri; sepandan, si ou genyen li alekri, li ka yon dokimantasyon itil.



**10. Èske pwogram IRS la ap dirije ak asiste yo ka mande mwen dokiman medikal lè mwen fè yon demann aranjman?**

Non, yon pwogram pa dwe mande yon kontribyab k ap fè demann aranjman rezonab dokiman medikal. Lè ou fè demann yon aranjman rezonab, kesyon yo limite nan baryè ki ka anpeche ou patisipe nan pwogram IRS ap dirije oswa asiste a, ak nan nati yon bon aranjman ki t ap retire baryè sa a.

**11. Ki kèk bon egzanp aranjman rezonab ki genyen?**

Gid Aranjman pou Kontribyab IRS la ki fenk kreye a idantifye plizyè aranjman rezonab ki posib, tankou:

- Dispozisyon pou batiman yo aksesib;
- Sèvis entèprèt pou lang siy; epi
- Dokiman an karaktè Brailles oswa an gran karaktè

TAG la se yon resous entèn ki disponib pou anplwaye IRS ki ka gen kesyon konsènan fason pou yo jere demann aranjman yo.

**12. Kiyès mwen ka kontakte si mwen gen kesyon konsènan pwosesis aranjman rezonab la oswa si demann aranjman rezonab mwen an refize?**

Divizyon Dwa Sivil IRS responsab pou li garanti moun ki gen andikap yo gen menm opòtinite pou yo patisipe nan pwogram ak aktivite IRS la ap dirije ak asiste dapre Seksyon 504 la. Si ou gen kesyon konsènan pwosesis aranjman rezonab la, ou ka kontakte pèsonèl Seksyon 504 Divizyon Dwa Sivil IRS la nan:

**TTY/TTD:** 202-289-4394

**Imèl:** [edi.crd.ra@irs.gov](mailto:edi.crd.ra@irs.gov)

Si ou kwè se pa erè yo refize demann pou aranjman rezonab ou a, ou kapab depoze yon plent dwa sivil pa lapòs oswa pa imèl nan **180 jou** apre refi a.

**Lapòs:** Office of EDI Civil Rights Unit  
Internal Revenue Service, Room 2413  
1111 Constitution Avenue, NW  
Washington, DC 20224

**Imèl:** [edi.civil.rights.division@irs.gov](mailto:edi.civil.rights.division@irs.gov)